

Èske ou gen taks pwopriyete Vil New York ou poko peye? Èske COVID-19 te afekte ou?

Pwogram Abatman Enterè sou Taks Pwopriyete a ka ede w!

Pou pwopriyetè COVID-19 te afekte yo, Depatman Finans (Department of Finance) pral redui oswa anile pou jiska sis (6) mwa frè enterè sou peman ki an reta pou peman taks sou pwopriyete yo te sipoze peye 1ye jiyè oswa 1ye oktòb yo.

Pou Pwopriyete ki Resevwa Bòdwo Chak Trimès

Gen posiblite pou w kalifye pou yon egzanspyon sou enterè si ou resevwa bòdwo chak trimès pou taks pwopriyete ou epi:

- Ou itilize pwopriyete sa a kòm rezidan prensipal ou.
- Ou touche mwens pase \$150,000 pa ane.
- COVID-19 te gen yon move enpak sou sou.

Bilding koperativ yo elijib pou valè yo evalye pou pwopriyete ou an mwayèn se mwens pase \$250,000 pa inite ak si COVID-19 te gen yon move konsekans sou 30% pati prenan yo.

Pou Pwopriyete ki Resevwa Bòdwo de (2) Fwa pa Ane

Gen posiblite pou w kalifye pou yon rediksyon sou enterè si ou resevwa bòdwo de (2) fwa pa ane pou taks pwopriyete ou epi:

- Pwopriyete ou a se yon bilding taks klas 2 oswa 4 ak yon valè evalye ki mwens pase \$1 milyon.
- Revni pwopriyetè a te bese a omwen 50% pou nenpòt peryòd sis (6) mwa pandan pandemi an - oswa - pwopriyete a pa gen plis pase 50 inite rezidansyèl epi revni pwopriyetè a te bese pa omwen 25% pou nenpòt peryòd sis (6) mwa pandan pandemi a, epi li satisfè tout lòt kritè pou kalifye.

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou www.nyc.gov/interestabate oswa rele 311.

